



Konsiy: 1) li entèdi pou gen selilè nan sal la
2) ou pa gen dwa pale nan sal la

ISTWA KONPÈ KAW AK KONPÈ RENA

Konpè Kaw poze sou yon pyebwa
ak yon mòso fwomay lan mitan bèk li.
Mèt rena santi lode a rele l
Kòm se yon bèt ki madre anpil
Li di konpè kaw konsa:
‘‘O! ala bwòdè w bwòdè! Ale bèl ou bèl!
M pa janm tandè w chante, se vre men si vwa w
koresponn ak kalite bèl plim
Ou gen sou ou a,
m gen dwa parye ke w pa kanmarad
okenn zwazo ki lan bwa a’’.
konpè Kaw, menm lè a, pa ka ret anplas, bèl pawòl
yo monte lan tèt li, li santi l kontan.
Pou l montre ke l gen bèl vwa,
Li ouvri bèk li, manje a tonbe.
Konpè Rena ranmase afè l, e li di: ‘‘Mesye!
Kouman
Konpè Kaw gen lè se konnen ou pa t konnen ke
flatè
se sou kont enbesil ki koute yo, yo viv! M espere
ke leson sa a va sèvi w pase w peye pou li’’.
Konpè Kaw menm tou jennen, tout wont, fè
sèman,
men li te twò ta, ke yo p ap janm pran l lan bagay
Konsa ankò
Si m te konnen toujou dèyè.

Raymond A. Moyse: Twa demi-douzèm istwa Mèt
Lafontè... pp. 38-39 (1975)

Premye pati

A) Konpreyansyon tèks

- 1.- Pou kisa konpè kaw santi l kontan?
- 2- Ki leson Mèt Rena te aprann konpè kaw?
- 3.- Bay 2 aspè majè ki karaktetize fab sila a.
- 4.- Jwenn yon fraz nan tèks la ki montre sèman
konpè kaw te fè a te twò ta.
- 5.- Eksprime nan yon fraz lide prensipal tèks la.

B) Gramè – Vokabilè – Tradiksyon

- 1- Jwenn 5 mo nan tèks la ki ka rantre nan chan
leksikal tèm prensipal ki devlope nan fab sa a.
- 2- Jwenn nan tèks la yon diskou rapòte epi jistifye
repons nan ak 2 karakteristik diskou dirèk.
- 3- Okenn Zwazo ki nan bwa a. Nan ki kategori
gramatikal nou dwe mete mo ki souliye yo.
- 4- Pwodui yon fraz selon estrikti sa a epi fè
reprezantasyon grafik fraz la.
- Gwoup konpleman sikonstansyèl
+GN+GV+KOD

Dezyèm pati

Ch- Pwodiksyon

chwazi youn nan sijè sa yo

- I- Denye fraz tèks la se: ‘‘Si m te konnen toujou
dèyè’’.
Sèvi ak fraz sa a pou ou konstwi yon tèks
agimantatif pou ou montre moun pa dwe aji san
li pa reflechi. Pa bliye kore agiman yo ak bon
jan egzanp.
- II- Kounye a si yon moun pa sou rezo sosyal
(watzap, fesbouk...) ou pa alamòd. Ekri yon
zanmi ou yon lèt ki gen sekans agimantatif pou
ou montre li bon kote ak move kote rezo sa yo.